



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN SENK PWEN POU PWOTEJE NOUYÒKÈ NAN METWO YO

*1,000 Polisye Eta New York, MTAPD ak Gad Nasyonal New York la pou sipòte kontwòl bagaj NYPD a*

*Gouvènè Hochul prezante yon pwojè lwa pou pèmèt jij yo entèdi aksè ak sèvis pou moun ki kondane pou agresyon nan sistèm transpò a*

*MTA pral akselere enstalasyon kamera atravè sistèm nan, ajoute nouvo kamera pou pwoteje kabin kondiktè yo*

*Gouvènè a pral konvoke nouvo Patenarya Estratejik kont Vyolans nan Tren an (SVSP) pou amelyore kowòdinasyon ant avoka Eta a, NYPD ak pwokirè distri yo*

*Eta a pral elaji inisyativ pou sansibilizasyon nan tren an, pwogram ap fonksyone anplis ekip Sipò pou Opsyon Sekirite a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon plan ki gen senk pwen pou itilize resous eta a pou pwoteje Nouyòkè yo nan tren yo. Sa gen ladan ogmantasyon anplwaye Eta a yo pou ede ak kontwòl bagaj NYPD yo, yon nouvo pwojè lwa ki ta pèmèt entèdiksyon transpò piblik pou moun ki agrese lòt pasaje yo, ajoute nouvo kamera pou pwoteje kabin kondiktè yo, ogmante kowòdinasyon ant Pwokirè Distri ak fòs lòd yo, ak ogmante kantite ekip Sansibilizasyon pou Repons Konjwen nan Metwo (Subway Co-Response Outreach, SCOUT) nan tout sistèm nan – ki pral opere anplis ekip Sipò Opsyon Sekirite (Safe Options Support, SOS) ki egziste deja. Aksyon sa yo bati sou investisman san parèy Gouvènè a nan sekirite nan tren yo, soti nan kanpe ekip SOS jiska mande MTA a enstale kamera nan chak machin metwo yo. Gouvènè Hochul te mande jij yo tou pou yo sèvi ak diskresyon elaji yo pou mete kosyon pou anpeche residiviss yo pran lari a.

"Depi lè mwen te antre an fonksyon, mwen te konsantre sou diminye krim nan tren ak pwoteje Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Plan senk pwen mwen an pral debarase delenkan vyolan nan metwo nou yo epi pwoteje tout vwayajè yo ak travayè transpò piblik yo. M ap voye yon mesaj bay tout Nouyòkè yo: Mwen p ap sispann travay pou kenbe ou an sekirite epi retabli lapè nan lespri ou chak fwa ou ap franchi tounikè sa yo."

Plan senk pwen Gouvènè Hochul la gen ladan:

### **Psonèl Eta anplis pou ede NYPD**

Pou konplete kontwòl bagaj amelyore NYPD a nan zòn ki frekante anpil yo, Gouvènè Hochul ap deplwaye 1,000 manm pèsonèl Eta a pou ede misyon NYPD pou fè efò sa a. Sa gen ladann 250 manm nan Laolis Eta New York ak Depatman Lapolis MTA. Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap mande Gad Nasyonal la pou mete 750 manm yo deplwaye kounye a nan Boukliye Empire Gouwp Travay Konjwen (Joint Task Force Empire Shield) ki disponib pou konplete efò sa a anba sipèvizyon fòs lòd yo. Kontwòl sa yo pral vize kote ki frekante anpil yo.

### **Nouvo Pwojè lwa pou entèdi agresè vwayajè ak travayè transpò piblik yo**

Gouvènè Hochul te anonse jodi a yon nouvo pwojè lwa ki pral pèmèt jij yo entèdi moun ki kondane pou yon agresyon nan sistèm nan itilize sèvis MTA nan kad santans lan. Kounye a gen yon dispozisyon ki pèmèt yon entèdiksyon transpò piblik kòm yon tèm santans pou moun ki atake travayè transpò piblik yo, epi dapre plan Gouvènè Hochul la, menm dispozisyon sa a ta dwe pwolonje pou enkli atak nenpòt moun ki nan sistèm nan.

### **Amelyore Kowòdinasyon Ant Lapolis ak Pwokirè Distri yo**

Pou amelyore kowòdinasyon ant fòs lòd yo, pèsonèl transpò piblik yo ak pwokirè distri yo, Gouvènè Hochul pral kòmanse reyinyon regilye ant moun ki gen enterè yo pou kowòdone pataj enfòmasyon konsènan rann delenkan residivis danjere nan sistèm nan responsab. Sa a pral ede pwokirè distri yo ak travay ka yo epi sipòte efò ki egziste deja pou retire delenkan vyolan nan lari yo ak deyò metro yo. Premye reyinyon an pral fèt semèn pwochèn, epi yo pral fèt regilyèman pou asire kowòdinasyon soutni. Pou ede nan pwosesis sa a, MTA a pral anboche tou yon nouvo Defansè Jistis Kriminèl pou ede viktim krim yo nan sistèm nan, epi MTAPD pral devlope yon nouvo sistèm avètisman bonè pou siyale delenkan residivis yo pou biwo pwokirè distri yo pandan pwosesis rezèvasyon yo.

### **Nouvo kamera pou pwoteje kondiktè ak anplwaye yo**

Bati sou anons Gouvènè Hochul ke MTA ap akselere enstalasyon kamera andedan zòn kliyantèl tren yo, jodi a Gouvènè Hochul ap anonse enstalasyon nouvo kamera ki konsantre sou kabin kondiktè pou pwoteje travayè yo. Kamera sa yo pral siyifikativman ede pèsonèl fòs lòd yo pandan y ap chèche asayan ki vize travayè transpò piblik yo. Gouvènè Hochul ap mande MTA pou deplwaye kamera sa yo rapidman nan tout sistèm nan.

### **20 milyon dola pou elaji pwogram pilòt SCOUT la anplis pwogram SOS la**

Depi janvyè, MTA te deplwaye yon pwogram pilòt ekip SCOUT an patenarya ak Vil New York, anplis  [ekip SOS ki fè siksè a](#) atravè sistèm tren an, ke Gouvènè Hochul te etabli ak sipòte. Ekip SCOUT yo gen kapasite pou adrese ka ki pi grav nan kriz sante mantal nan sistèm tren an, epi ede Nouyòkè yo jwenn aksè ak tretman sante mantal ak lojman sipò. Gouvènè Hochul ap mande 20 milyon dola pou rapidman etann pwojè pilòt sa a epi fè kantite total ekip SCOUT la rive nan dis nan fen 2025.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Depi ane pase a, nou te enstale plizyè milye nouvo kamera nan estasyon ak abò tren yo – pou ajoute nan rezo 10,000 aparèy nou an ki deja vast la, ki te pwouve plizyè fwa yo mennen nan arèstasyon pa lapolis epi menm dekouraje krim. Epi kounyeya, n ap avanse ak kamera nan kabin kondiktè yo pou adrese risk kondiktè ak operatè brav nou yo ap fè fas. Nou pa ka oze pou nou pa aji. Sistèm transpò piblik la twò enpòtan pou Vil la ak rejyon an pou pèmèt pèsepsyon sekirite, oswa si li mank, lap fè moun yo pè."

**Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta a, Steven G. James, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te pwopoze plan konplè sa a pou amelyore sekirite sistèm tren nou an. Ansanm ak patnè fòs lòd nou yo, nou ka abòde pwoblèm sa a epi asire yon New York ki pi an sekirite pou tout moun."

**Chèf Operasyon MTAPD la, Thomas Taffe, te deklare,** "Mwen konnen ke yon konsantre sou diminye laperèz krim enpòtan menm jan ak diminye krim lan li menm. Kounye a nou gen ofisye nan sant banlye yo nan tout senk minisipalite yo, ofisye k ap travay pou netwaye tren lannwit lan, k ap travay ak patnè sansibilizasyon pou sanzabri yo atravè diferan ajans nan tout kwen vil la. Nou konsantre sou itilizasyon done pou reponn ak pwoblèm ki pi afekte pasaje yo – santiman dezòd, evazyon pri tikè yo, ak moun ki aji ak vyolans nan detrès emosyonèl."

**Majò Jeneral Ray Shields, Jeneral Adjwen Gad Nasyonal New York lan, te deklare,** "Manm sèvis Gad Nasyonal New York yo toujou pare pou ede patnè nou yo pandan y ap asire sekirite ak sekirite sitwayen parèy nou yo."

**Pwokirè Distrik Brooklyn lan Eric Gonzalez te deklare,** "Metwo New York yo se batman kè ki fè vil nou an ap avanse, epi sekirite pasaje ak anplwaye MTA yo se yon gwo priyorite pou biwo mwen an. Plan konplè Gouvènè Hochul pwopoze a pral ede nou reyalize objektif sa a epi mwen remèsye li pou lidèchip ak angajman kontinyèl li pou sekirite piblik la. Nou enpasyan pou nou kolabore avèk tout patnè nou yo pou konbat krim nan transpò piblik la."

**Pwokirè Distri Staten Island lan, Michael E. McMahon, te deklare,** "Yon sistèm transpò piblik ki an sekirite epi ki fonksyone totalman endispansab pou lavi nan Vil New York ak ozalantou. Pou plizyè dizèn milye rezidan Staten Island ki konte sou otobis lokal ak ekspres nou yo, bato pasaje ak tèminal bato pasaje yo, ak Wout Ray Staten Island lan pou ale travay, lekòl, pou pran swen yon moun yo renmen oswa pou senpleman fè komisyon chak jou yo, yo merite anyen an mwens pase eksperyans ki pi an sekirite posib. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou efò yo te anonse jodi a; se yon bon nouvèl pou tout moun Staten Island yo. Ekip mwen an anv travay ak nouvo pèsònèl sa yo ak nouvo teknoloji pou alafwa retire delenkan vyolan ki se residivis yo nan otobis ak tren nou yo, epi pou konstwi dosye ki pi solid posib kont moun ki vyole lalwa ak andomaje kalite lavi nou. Nan ane k ap vini an, mwen pa ka tann pou kontinye travay ak Gouvènè Hochul sou priyorite enpòtan yo pou sekirite piblik la tankou sa a

non sèlman nan rejyon Vil New York la, men atravè eta a nan non Asosyasyon Pwokirè Distri New York la tou."

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)